

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung métode panalungtikan, anu ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik anu ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2020, kc. 8) pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan anu patali jeung data. Data anu mangrupa vérbal-vérbal sarta ngawujud paguneman atawa omongan dina buku. Data anu dihasilkeun nyaéta kecap lisan atawa tulisan ngeunaan sipat, individu, kaayaan. Ari déskriptif analitik nyaéta hiji métode anu miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis fakta-fakta tina objek anu dianalisis sacara teleb (Ratna, 2013, kc. 53). Maksud ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis unsur struktur formal jeung naratif anu aya dina naskah drama, ogé ngadéskripsikeun psikologi tokoh jeung panokohan, anu masualkeun ngeunaan kapribadian tokoh anu aya dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” karya Ayi G. Sasmita.

3.1 Désain Panalungtikan

Léngkah mimiti anu dilakonan dina ieu panalungtikan nyaéta nangtukeun rarancang panalungtikan, anu biasa disebut désain panalungtikan. Désain panalungtikan nyaéta rarancang anu rék dilakukeun ku panalungtik dina prosés panalungtikan. Udaganna pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun pasualan anu aya dina panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 59). Saluyu jeung anu geus dipedar di luhur, disusun léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan, nyaéta: (1) ngaidéntifikasi jeung nangtukeun masalah anu rék ditalungtik; (2) néangan, manggihan, jeung maluruh ngeunaan struktur jeung psikologi sastra anu aya dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” karya Ayi G. Sasmita; (3) ngumpulkeun data tina objék anu ditalungtik, ngagunakeun kartu data salaku instrumén panalungtikan;

(4) data dipasing-pasing dumasar kana rumusan masalah; (5) nganalisis data anu geus aya; (6) ngadéskripsikeun data dumasar kana tiori struktural jeung psikologi sastra; (7) nyieun kacindekan dumasar kana hasil panalungtikan. Ku kituna, désain tina ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.2
Désain panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tiori struktural Robert Stanton anu mesék unsur naratif, tiori struktural Sumardjo jeung Saini KM anu mesék unsur formal naskah drama, jeung tiori psikologi humanistik Abraham Maslow anu mesék unsur kapribadian tokohna. Sedengkeun sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama "Tungtungna Tenggara" karya Ayi G. Sasmita.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta eusi tina naskah drama "Tungtungna Tenggara" Karya Ayi G. Sasmita.

Gambar 3.1



Jejer : Tungtungna Tenggara
 Pangarang : Ayi G. Sasmita
 Kandel kaca : 28 Kaca
 Taun : 2013
 Pangléler : Naskah Favorit FDBS Remaja 2013

Ieu naskah drama téh nyaritakeun katunggaraan anu jadi anak. Sandra ngaranna, anak anu kurang kanyaah ti kolotna lantaran kolotna sibuk ku urusan pagawéan. Antukna Sandra téh ngarasa hirup sorangan, henteu boga batur pakumaha jeung salah nyokot léngkah anu ngabalukarkeun Sandra divonis ku dokter boga panyakit HIV, sabab salah pergaulan. Ieu panyakit téh aya lantaran Sandra maké obat-obatan terlarang. Sandra hayang diperhatikeun ku kolotna anu geus lila teu maliré ka manéhna. Saprak bapana jadi pajabat geus euweuh kaharmonisan di kulawargana. Bapana sibuk nguruskeun rahayat ari indungna sibuk nguruskeun seminar anu diayakeun di kota boh luar kota. Ahirna indung jeung bapa Sandra sadar kana kalakuanna anu salah, tapi Sandra geus teu bisa walakaya, geus samar tetempoan, geus nepi ka waktuna. Indung jeung bapana ngan bisa nyaksian anakna anu keur sakarat, dibarengan ku rasa kaduhung anu kabina-bina lantaran geus teu maliré ka anakna anu antukna tungtungna tunggara dipisahkeun ku pati jeung anak hiji-hijina.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan dipaké sangkan prosés panalungtikan leuwih gampang. Nurutkeun Sugiyono (2020, kc. 102) instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun pikeun ngukur variabel panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data jeung tabél data. Dina kartu data aya sababaraha informasi ngeunaan cutatan nu ngagambarkeun struktur naskah drama, jeung psikologi sastra, ogé analisis data. Sedengkeun dina tabél data aya kumpulan data, cutatan, jeung analisis data.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Istrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data. Ieu kartu data digunakeun sangkan panalungtikan leuwih gampang dina proses nganalisis jeung ngolah data. Panalungtik ngagunakeun ieu kartu data ku cara néangan paguneman atawa kalimah dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” tuluy dicutat kana kartu data. Sanggeus kitu, dianalisis dumasar kana tiori anu geus ditangtukeun. Dina kartu datana dilengkepan ku kode data, cutatan kalimah, jeung unsur tiori anu ditalungtik. Kartu data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

Kartu Data Analisis Struktural

Tabél 3.1

Analisis Struktur Formal Naskah Drama

(001)	
Kode Data	: NDTT/SF/A-1/2
Struktur formal	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.2
Analisis Struktur Naratif Naskah Drama

(001)	
Kode Data	: NDTT/SN/A-1/2
Struktur Naratif :	
Cutatan	:
Analisis	:

Keterangan:

1. No. Data : (001) Nomer urut data.
2. Kode Data : NDTT (judul naskah drama), SF (struktur formal) atawa SN (Struktur Naratif), A-1 (Adegan ka-1) jeung 2 (kaca).
3. Kalimah : Sempalan kalimah atawa dialog anu aya dina naskah drama.
4. Struktur : - Struktur naskah drama formal (prolog, dialog, babak, adegan, kramagung, *solilokui*, *aside*, jeung épilog)
- Struktur naratif anu diantarana aya téma, fakta carita (tokoh, latar, alur, amanat) jeung sarana carita (judul, sudut pandang, gaya atawa *tone*, simbolisme, jeung *ironi*).

Kartu Data Analisis Psikologi Sastra Humanistik

Tabél 3.3
Analisis Psikologi Sastra Humanistik

(001)	
Kode Data	: NDTT/PS/A-1/2
Aspék Psikologi :	
Cutatan	:
Analisis	:

Keterangan:

1. No. Data : (001) Nomer urut data.
2. Kode Data : NDTT (judul naskah drama), PS (Psikologi Sastra), A-1 (Adegan Ka-1) jeung 2 (kaca).
3. Kalimah : Potongan kalimah atawa dialog anu aya dina naskah drama
5. Aspék Psikologi : PF (pangabutuh fisiologis), PRA (pangabutuh rasa aman), PKK (pangabutuh ku kanyaah), PKP (pangabutuh ku penghargaan), jeung PAD (pangabutuh aktualisasi diri)

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Istrumén ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tabél data. Ieu tabél data digunakeun sangkan panalungtikan leuwih gampang dina prosés nganalisis jeung ngolah data. Panalungtik ngagunakeun ieu tabél data ku cara ngumpulkeun sakabéh cutatan jeung analisis anu geus aya dina kartu data. Sanggeus kitu, dianalisis dumasar kana tiori anu geus ditangtukeun. Dina tabél data dilengkepan ku kode data, cutatan kalimah, analisis, jeung unsur tiori anu ditalungtik. Tabél data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

Tabél Data Analisis Struktural

Tabél 3. 4

Analisis Struktur Formal Naskah Drama

No.	Struktur Drama	Kode Data	Cutatan	Analisis
1.	Prolog			
2.	Dialog			
3.	Babak			
4.	Adegan			
5.	Wawacang			
6.	<i>Solilokui</i>			
7.	<i>Aside</i>			
8.	Épilog			

Tabél 3. 5
Analisis Struktur Naratif Naskah Drama

No.	Struktur Drama	Kode Data	Cutatan	Analisis
1.	Tema			
2.	Fakta carita	Tokoh		
		Latar		
		Alur		
3.	Sarana carita	Judul		
		Sudut pandang		
		Gaya jeung tone		
		Simbolisme		
		Ironi		

Tabél Data Analisis Psikologi Sastra Humanistik

Tabél 3. 6
Analisis Psikologi Sastra Humanistik

No.	Cutatan	Kode Data	Aspek Psikologi					Analisis
			PF	PRA	PKK	PKP	PAD	
1.								
2.								

Keterangan :

- PF (pangabutuh fisiologis)
- PRA (pangabutuh rasa aman)
- PKK (pangabutuh ku kanyaah)
- PKP (pangabutuh ku penghargaan)
- PAD (pangabutuh aktualisasi diri)

3.4 Téhnik Panalungtikan

Pikeun medar jeung ngajéntrékeun data struktural jeung psikologi sastra humanistik dina naskah drama “Tungtungna Tunggara” karya Ayi G. Sasmita diperlukeun téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salasahiji léngkah poko dina hiji panalungtikan. Salasahiji téhnik ngumpulkeun data anu biasa dipaké nyaéta téhnik talaah pustaka. Nurutkeun Sugiyono (2020, kc. 291) ulikan pustaka nyaéta ulikan anu patali jeung kajian tioritis sarta référénsi lian, di antarana ajén-inajén, budaya, jeung norma anu aya dina kamekaran hiji lingkungan masarakat anu ditalungtik. Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik talaah pustaka, anu di antarana niténan, neuleuman, nalaah jeung ngaidéntifikasi sumber nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber data séjén nu ngarojong kana panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun datana dipigawé ku cara:

- 1) maca taliti sakabéh naskah drama nu dipilih salaku fokus panalungtikan;
- 2) nyirian kontéks nu miboga unsur-unsur anu patali jeung struktur naskah drama, boh struktur formal naskah, boh struktur naratifna;
- 3) nyirian kontéks nu miboga unsur-unsur watek jeung konflik anu bisa ngarojong kana kapribadian tokoh;
- 4) ngainterpretasi unsur watek nu aya dina naskah drama;
- 5) ngadéskripsikeun sakabéh data anu kapaluruh luyu jeung léngkah-léngkah anu geus ditataan di luhur; jeung
- 6) satuluyna nyutat data kana kartu data.

Ieu panalungtikan ngahasilkeun data-data mangrupa kalimah atawa sempalan dialog anu kaasup kana kajian dina ieu panalungtikan. Data- data anu geus dicutat dina kartu data, satuluyna diklasifikasikeun saluyu jeung tiori struktur formal jeung naratif, ogé tiori psikologi humanistik Abraham Maslow.

3.4.2 Téknik Ngolah Data

Nurutkeun Sugiyono (2020, kc. 244) téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta prosés pikeun néangan jeung nyusun data kalawan sistematis. Dina ieu panalungtikan, hal anu dianalisis nyaéta struktural téks naskah drama, jeung psikologi dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita. Ku kituna, data diolah ngagunakeun téhnik analisis kana struktur formal jeung naratif, ogé psikologi sastrana.

3.4.2.1 Téhnik Analisis Struktur Formal jeung Naratif

Struktur pangwangun naskah drama dianalisis ku tiori struktural dumasar kana konsép Sumardjo jeung Saini KM dina Isnendes (2018, kc. 28) anu ngawengku prolog, dialog, babak, adegan, kramagung, *solilokui*, *aside*, jeung épilog. Satuluyna ditalungtik ku tiori struktur unsur naratif Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita jeung sarana carita. Ieu di handap léngkah-lengkahna.

- 1) Nitenan deui data anu geus kakumpul dina kartu data.
- 2) Ngawilah-wilah data anu kaasup kana unsur struktural.
- 3) Ngadéskripsikeun hasil data anu geus diwilah-wilah.
- 4) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.4.2.2 Téhnik Analisis Psikologi Sastra

Sabada nganalisis struktural naskah drama, anu satuluyna dianalisis nyaéta psikologi sastra anu aya dina naskah drama “Tungtungna Tenggara” karya Ayi G. Sasmita. Analisis psikologi dina ieu panalungtikan ngagunakeun tiori psikologi sastra humanistik Abraham Maslow dina Minderop (2010, kc. 48). Tiori psikologi humanistik anu dipasing-pasing jadi lima bagéan, nyaéta pangabutuh kana fisiologis, pangabutuh kana rasa aman, pangabutuh ku kanyaah, pangabutuh ku penghargaan, jeung pangabutuh kana aktualisasi diri. Ieu di handap léngkah-lengkahna.

- 1) Niténan deui data anu geus kakumpul dina kartu data.
- 2) Ngawilah-wilah data anu kaasup kana unsur psikologi sastrana.
- 3) Ngadéskripsikeun hasil data anu geus diwilah-wilah.
- 4) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.5 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah nu dipaké pikeun ngumpulkeun data jeung ngajawab rumusan masalah nu diajukeun. Dina ieu panalungtikan alur anu dilaksanakeun nyaéta:

- 2) nangtukeun sumber data panalungtikan, nyaéta naskah drama “Tungtungna Tunggara” Karya Ayi G. Sasmita;
- 3) niténan rumusan masalah atawa nangtukeun masalah;
- 4) ngumpulkeun data ngaliwatan kajian pustaka tina unggal sumber référénsi anu tangtuna bakal ngarojong kana ieu panalungtikan;
- 5) instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data sangkan prosés panalungtikan leuwih gampang tur éfisién;
- 6) sabada data diolah tuluy dianalisis maké tiori struktural, ogé psikologi sastra; jeung
- 7) hasil analisis dijieun kacindekan tuluy disusun laporan hasil panalungtikan dina wangun tinulis.